ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№32 (21.940) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 25, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

УФ-м и Президентым Хахуагъэм и орденыр Пщыхьэщ1э Іэнас и Іыхьлыхэм яритыжащ

2010 гъэм дыгъэгъазэм щІэпхъаджащІэхэм яуклА, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Іуэхуущ1апІэм и унафэщІ Пщыхьэщ1э Іэнас Хахуагъэм и орденыр къыхуагъэфэщащ. Ар Урысей Федерацэм и Президентым муфтийм и Іыхьлыхэм яритыжащ.

КЪЭРАЛЫМ и Іэтащхьэм зэрыжиІамкІэ, Пщыхьэщ1э Іэнас Къэбэрдей-Балъкъэрым пщІэшхуэ щызиІэ дин лэжьакІуэт. Абы республикэм исхэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ хуищІрт, диныр тегъэщІапІэ ящІурэ зи мурад фІейхэр пхызыгъэкІыну хущІэкъуэхэм ткІийуэ ящІэнт. Псом хуэмыдэу ар жыдэкъу елэжьырт щІалэгъуалэр экстремизмым и ужьыгъэныем, Апхуэдэ фІэщхъуныгъэмрэ лэжьыгъэмрэщ абы и гъащІэр зыщІитар.

Я лІыгъэм папщІэ къэрал тыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща дин лэжьакІуэу хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэм Президентыр яхуэгуэващ. «Нобэ сэ Кавказ Ищхъэрэм и муслъымэнхэм фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейщ мамырыгъэмрэ дин зэгурыІуэныгъэмрэ щІынальэм щагъэбыдэну зэрыхущІэкъум папщІэ. Фэ егъэлеяуэ сэбэныначъэшхуэ зыпылъ Іуэху зэфІыфІогъэкІ. Дэ псори терроризмым дыззребэным и гугъу ящІымэ, мыбдеж щыжысІэпхъэу къызолъытэ: икІагъэ зылэжьхэм нэгъуэщІу уабгъэдыхьэ хъунукъым, терроризмым и бий бэнэныгъэр дэ адэкІи егъэкІуэкІынущ, лІыкІхэм ящыщу къэнаур иджыри зызыгъэпщкІуэхэм, шэч лъэпкъ хэмылъу, яхуэфащэ ялъысыжынущ», - къыхигъэщхьэхуКІащ Медведев Дмитрий.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ1апІэ.

Псори дызэкъуэувэн хуейщ

● ЗэІущІэхэр

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм щыІэ Хлопонин Александрр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ районхэм, къуажэ администрацэхэм, жылагъуэ, дин зэгуфыкІыгъэхэм, Іуэхуущ1апІэхэм я унафэщІхэмрэ я лІыкІуэхэмрэ мазаем и 21-м Тырныауз я кьалэм щаІущІащ.

АР КЪЫЩЫЗЭІУИХЫМ Хлопонин Александр хэкъуэзуэ къыхигъэщащ иужьрей эманым республикэм къыщыхъуэм зэригъэзэвэр.

- Нобэрей щытыкІэр къызыхэкІыу къэфлытэмрэ ар зэтес щыжыныкмкІэ лэжьыхъэхэмрэ къызэрыгурыІуэр зэзгъэщІэну сыхуейт, - къызэхуэсахэм захуигъэзащ полномочнэ лІыкІуэм и псалъэр щиублэм. - Дигу къэдвгъэзэкІыжьыт дыщыстудента илъэсхэм Іуащхьэмахуэ лъапІэлъэжкІэ къыщыджыхьыну псори дызэрыщІэхьуэпсар. Дяпэкі апхуэдэу зэрыщытынум зыми шэч кьытредгъэхьэ хьунукъым.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ЗэгурыІуэныгъэу тІум Іэ щІадз

КРАСНОЯРСК щекІуэкІа экономикэ зэхьыхьэшхуэм и етІуанэ махуэр кьызэІуахащ КъБР-м и Президентым и Правительствэм и Унафэщі **Меркулов Александррэ** зыхэта пленар зэІущІэмкІэ. Абы и ужьыІэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингушэ Республикэмрэ я Іэтащхьэхэу Къанокъуэ Арсен, Евкуров Юнус-Бек сымэ яІуащІащ округым и лІыкІуэу Щ1алэгъуалэ зэхьыхьэм хэтахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ абы щыІащ республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэмрэ Урысейм и кьуажэ щ1алэгъуалэм я зэгухьэныгъэмрэ хэтхэр.

Хлопонин Александр щ1алэгъуалэр къыхуриджащ апхуэдэ зэІущІэхэр зэущІыгъуу нэхьыбэрэ кьызэрагъэпэщыну, нэхьыбэрэ зэхуэдэ ягъэ ІуІэн зэрыцІыхуну. Абы и лъэныкьуэкІэ полномочнэ лІыкІуэм щапхьэу кьихьащ крайм и Щ1алэгъуалэ правительствэм мазаем и 24 - 26-хэм ирегъэжьуэ Іуэхугъуэ хьэлэмэтыр. Абы КъБР-м и лІыкІуэхэр хэтынущ.

Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхуКІащ щ1алэгъуалэр жылагъуэ-политикэ гъащІэм хэшэным хуэунэтІа сыт хуэдэ Іуэхурэ кьагъэсэбэпын эрыхуейр. Абы и Іэмалу къэлъытапхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми Ингушэ Республикэми щыІэ щ1алэгъуалэ правительствэхэр. «Дэ ди кьабжьыгъэкІэ Урысейм нэхьрэ щынэхъ лъапІэщ. Роумингым и уасэри абы куэдкІэ кьыкІэрыхуркъым. Гигабайти 2,4-рэ (зы фильм хуэдиз тохуэ) кьэзыгъэсэбэпа Симонов Роман апхуэдэ щІыкІэкІэ щІыхуэу кьытраГъэхуащ сом зы мелуаным щІигъу.

ЗыщІэмыльэІуа кредит кьратауэ кьилъытэри, а щІыхуэр Симоновым ипшныным хуэмейуэ судым унафэ кьищІащ. «Мегафон»-р абыкІэ арэзыкъым - суд нэхьыщхьэхэм мэтхьэусыхэ.

Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

ЛІыхъужьхэм я фэеплъу

Мазаем и 23-м, Хэкум и хьумакІуэм и махуэм. Налщык, Хьэтохьущокьуэм и жыг хадэм щыІэ МафІэ мыужьыхьыкъым деж пэкІу щекІуэкІащ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІАТ Налщык къалэм и администрацэм и Іэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий, КъБР-м и дзэ комиссар Харламов Евгений сымэ къыщыхуэсасэм махуэ лъапІэмкІэ ехьэхьащ икІи щІэблэр кьыхураджащ Хэкум и хьумакІуэ пэж хьуну.

Зэхуэсым кьрихьэлІахэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр трапльащ.

Кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Тап Руслан, Хэку зауэшхуэм и ветеран Полищук Иван, КъБР-м и дзэ комиссар Харламов Евгений сымэ къыщыхуэсасэм махуэ лъапІэмкІэ ехьэхьащ икІи щІэблэр кьыхураджащ Хэкум и хьумакІуэ пэж хьуну.

Зэхуэсым кьрихьэлІахэм Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр трапльащ.

ПщІэ хуащІу

Хэкум и хьумакІуэм и махуэр щагъэлъапІэм ирихьэлІэу, Налщык и курыт щколхэм я еджакІуэ нэхьыфІу 22-м я паспортхэр щратыжащ Урысейм и ФСБ-м кьэрал гъунапкъэр хьумэнымкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм.

А ІУЭХУГЪУЭР кьызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и министерствэм, «Урысейм и ЩІалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Іэпхъуэщапхъуэ Іуэхухэмрэ Федеральнэ Іуэхуущ1апІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ **ЩІокъварэ Заур,** «Урысейм и ЩІалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм.

А Іуэхугъуэм кьрихьэлІащ кьэрал гъунапкъэр хьумэнымкІэ КъБР-м и управленэм и унафэщІ, генерал-майор **Агеенкэ Иван.** Ар гуапэу ныбжьыщІэхэм ехьэхьащ, абыхэм сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн яхуэхъуну зэрыхьэзырри кьыжьІащ.

Паспорт зратыжахэм КъБР-м и Правительствэм кьыбгъэдэкІыу захуигъэзащ Пащты Борис.

- Дауи, нобэрей Іуэхугъуэр зэрымыщІэкІэ кьэхъуакъым. Сыт хуэдэ кьэралыгъуэми и кьежьапІэр кьэрал гъунапкъэращ. Ар сыт щыгъуи ЛыгъэІ зэрахьэу яхьумэ. Хэкум и цІыху пэжу фыщытыным и нэщІэнэу кьызэдгъэпэщауэ аращ ди нобэрей зэІущІэр, - жиІащ абы.

Апхуэдэуи еджакІуэхэр щыгъуазэ ящІащ кьэрал гъунапкъэм и хьумакІуэхэм кьагъасэбэп Іэщэр зыхуэдэм.

ГЪУЩІО Зариф.

Щ1ыхъейм и зэранкІэ

«Франс Пресс» хъыбарегъащІэ Іуэхуущ1апІэм кьызэритымкІэ, Новз Зеландием гъубжым къыщыхъуа щ1ыхъейм зэхикъута Крайстчёрче къалэм щ1ыхэкІуэдащ щ1ыху 98-рэ, Иджыри щ1ыху 226-рэ хъыбарышІэу кІуэдауэ къалъытэ.

А щ1ыхъейм Крайстчёрче и къалэкър зэрыщыту щ1ым щ1ыщ1ыжащ. Абы и куей зыбжанэм ущыпсэуну Іэмал лъэпкъ щ1ыхэжкъым.

Новз Зеландием и унафэщІхэм къэрал псом - щ1ытыкІэ кьызэрымыкІуэ, Крайстчёрче - комендант сихьэт щагъэуващ.

Щ1ыхъейм и зэранкІэ къэралым игъуэта экономикэ хэщІыныгъэ доллар мелард 12-м щІегъу, Апхуэдэ насыпнышагъэ Новз Зеландиер зэи Іуэатэкъым.

Сейсмологхэм кьызэратымкІэ, Рихтер и щ1ыпэмкІэ балли 6,3-рэ зи лъэщагъ щ1ыхъейр, километри 4 и кууагъыу щ1ы щ1агъым кьыщежьэри, кьалэм и Іэгъуэблагъэр зэтрикъутащ.

Іэщэр ягъэтІылъмэ...

Ливием жылагъуэ щ1ынагъуэншагъэмкІэ и Щ1ыхубэ комитетым зыкъызэрыІэтахэр дыгъуасэ кьыхуриджащ Іэщэр ягъэтІылъу щ1ыхубэр зэщІэзыгъэстхэр хэтми кьыжьІэну. Абы щхьэкІэ ахъщэ саугъэтышхуэ иратыну, Іэщэр зытхэм тезыр трамылъхэмэ кьагъэгугъэ.

Зыкъэзыгъэтахэм яуку уэдий ильэс 41-рэ хуэдиз кьэралым и унафэщІ Каддафи Муамар и кьулыкъым текІын хуейуэ.

Сом мелуан псо...

Владимир кьалэм и Ленин куейм щыІэ судым идакъым «Мегафон»-м и операторыр къэзыгъэсэбэп кьалэдэсхэм ящ1ыщ1эм щ1ыкуэу трагъэхуа сом зы мелуаныр иратегъэпшынынр.

Симонов Роман и унагъэр щ1ыгъуу Кипрым щ1ыкІуэм, и щ1ыкъу анэм и щ1экІэ иригъэтхат «Мегафон»-м и операторым дэлажьэ телефон, я Іуэху зыІутыр нэхъ тыншу кьыжраІэфын папщІэ.

«Мегафон»-м и операторым и чэзум Симоновым хуэбар кьригъэщІакъым и связым пэкІу уасэм и Іуэху зыІутымкІэ. «Мегафон»-р кьэзыгъэсэбэпхэм я дежкІэ зы мегабайтыр Кипрым сом 440-рэ щиуасэщ. Ар пщІы щ1ыгъуу Кипрым щ1ыкІуэм, и щ1ыкъу анэм и щ1экІэ иригъэтхат «Мегафон»-р кьэзыгъэсэбэпхэм я дежкІэ зы мегабайтыр Кипрым сом 440-рэ щиуасэщ. Ар пщІы щ1ыгъуу Кипрым щ1ыкІуэм, и щ1ыкъу анэм и щ1экІэ иригъэтхат «Мегафон»-р кьэзыгъэсэбэпхэм я дежкІэ зы мегабайтыр Кипрым сом 440-рэ щиуасэщ. Ар пщІы

Лъэпкъ Іуэхугъэ:

Ухеймэ, улъэщщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Ди газетым мазаем и 28 щІондэ Іэ тевдзэмэ, ар ныфІэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазиплым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэлЭйкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэр» республикэм и пощт Іэ щытевдзэ хъунущ Іуэхуущ1апІэ псоми.

Ялъэкі къагъэнэнукъым

● Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым нужьрей зэманым щызэфІэувэ щытыкІэ ткІийм и хэкІыпІэхэр къэдгъэльхьэным теухуауэ щытащ дыгъуасэ ЩІалэгъуалэм щекІуэкІа зэІущІэр.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ зыщызыІубгъуа терроризмымрэ экстремизмымрэ кьызыхэкІам, абы зэпрыпэщтэныгъэ щыкІэр кьызэрыпэщынымрэ трауауэ Щ1адзэм ОВД-м и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я зэхуэсыр. Я Іуэху еплъыкІэхэр утыку кьэралъхьэу зэІущІэм кьыщыпсэльащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ТхьэмадэІ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** Къэрал кІуэдзэ Іуэхуущ1апІэ Іэнатіэмрэ кьэрал кІуэцІыдзэмрэ я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ **Пало Аскэрхъан**, КъБР-м и муслъымэнхэм я дин Іуэхуущ1апІэм и унафэщІым и кьуэдзэ **Сыжажэ Алим** сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм къыхагъэщащ игъащІ щІэ гъаІэрыгъэ щІэ ящІ. Абыхэм ящыщ ящ

Псори дыззэкъуэувэн хуэйщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Хлопонин Александр кьигъэлъэгъащ террорым пэщI этныимкIэ Iэ ягъэува хабзэ хэхар щIыналъэм и цIыхухэмрэ туристхэмрэ я щынагъуэншагъэр кьыззэгъэпэщыным зэрыхуэгъэзар и кIи курорт Iуэхущ Iап Iэхэм я лI ЫкIуэхэр кьыхурджащ зыгъэпсэхуакIуэ кьак Iуэхэр кьеГъблэгъэныр пIалъэкIэ зэпагъэну.

- Администрацэм и Iэтащхьэр я щIыналъэм щеКIуэк Iхэм щымыгъуазэмэ, ар унафэщI Iуэмыхущ, цIыхухэм ягъэмыхьэу, ядэмылажьэу арац. Абы и кьалэнщ я щIыпIэм щыпсэу дэтхэнэ зыми и Iуэхущ Iафэр зыхуэдэм эпымыуэу кIэлъыплъыну, ардыдэмкIи хабзэхъумэ IэнатIэхэм терроризмым ебэнынымкIэ ядэIэпыкъуну. Армырамэ, езым щIэпхъаджащI эхэр щIихъумэу къокI, - кьыхигъэщащ екьэкI эхмыльу полномочнэ лЫкIуэм. - ХьэщIэрягъэльап Iэу, зэрыльытэу, нэхъыжьым хуэфащэ пщIэ хуэащIу ди лъпкъхэр игъащIэмэ кьызэдогъуэгурыкIуэ. Ар идеологиекъэ? АтIэ, мис а псом щIалэгъуалэр куууэ хуэущиин хуейщ. Нобэрэй щытыкIэм дыкьызэрикIынымшэчкьытесхьэркьым, ауэ абы папщIэ дэтхэнэ зыми хабзэхъумэ IэнатIэхэм защI эдгъэкъуэну кьытпэщыпщ.

Хлопонин Александр администрацэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрыльп ящиц Iащ террорым пэщIэтынымкIэ ягъэува хабзэ хэхам щыубзыхуа Iуэхугъуэхэм щIыхуэхэр нэхъ хагъэгъуэну, ар абыхэм я щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным зэрыхуэгъэзар и Iуэхущ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жиIащ республикэм щекIуэк IхэмкIэ ихь жэуапIныгъэр нэсу зэрызыхищIэр икI и мамыр псэукIэр зэтеувэжа хьун папщIэ, администрацэхэм я Iэтащхьэм зэрахудимыдыхьыну. Ар кIэщIу къытеувыIащ нэгъабэ Эльбрус поселкэм щыпсэухэмрэ мы мазэм и 3-м Ислъэмей къуажэм дэхэмрэ зэрахуэзам, абыхэм щыжаIахэм икIи республикэм щытыкIэр щызэIызыщIэну хущIэкъу лейзехьэхэм яхуэфащэ жэуап ягъуэтын щхьэкIэ, кьару узынщэхэр зыщ хуэдэу зэкъуэувэн, зэщIэуэда щэхурылажьэхэм сбэн хабзэхъумэ IэнатIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъун зэрыхуейм.

- Дэтхэнэ зыри дызэупщIыжыпхъэщ «щытыкIэм зихуэжьыкIи папщIэ сытхэр злэжьа?» - жыт Iэу. Республикэр инкъым, ди гъунэгъущащ екьэкI эхмыльу полномочнэ лЫкIуэм. - ХьэщIэрягъэльап Iэу, зэрыльытэу, нэхъыжьым хуэфащэ пщIэ хуэащIу ди лъпкъхэр игъащIэмэ кьызэдогъуэгурыкIуэ. Ар идеологиекъэ? АтIэ, мис а псом щIалэгъуалэр куууэ хуэущиин хуейщ. Нобэрэй щытыкIэм дыкьызэрикIынымшэчкьытесхьэркьым, ауэ абы папщIэ дэтхэнэ зыми хабзэхъумэ IэнатIэхэм защI эдгъэкъуэну кьытпэщыпщ.

Хлопонин Александр администрацэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрыльп ящиц Iащ террорым пэщIэтынымкIэ ягъэува хабзэ хэхам щыубзыхуа Iуэхугъуэхэм щIыхуэхэр нэхъ хагъэгъуэну, ар абыхэм я щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным зэрыхуэгъэзар микэр зыхуэдэм екъэзIакъым, сыту жыпIэмэ, Урысейм и адрей щIынальэхэм псэукIэр щынэхъыфIкъым.

- ДыщIэшынэн хуейр кьызгурыГуэркъым. Абы теухуауэ кьызыгъэупщIкIэ яжьзоIэ: си республикэм сисыжщ, и унафэр с IэщIэльщ, сэ ильэс 53-рэ си ныбжьщ, сыщI эшынэн щхьэусыгъуэ сльагъуркъым. Зыгуэрэхэм дащымышынэу, ди унэм захуагъэр щхьэ щызэтедгъэувэж мыхьурэ? Мы ди дэж кьыщек IуэкI хэм дриуЯ ыгъэн хуейщ. Урысей Федерацэм и Президентым сыщыхуэзам Къабардей-Балъкъэрым кьыщыхьхуэм кьыхэкIыу, си щхьэр кьысхуэ Iэтакъым. Дэ езым псори зэпэтшэчу, дызэкъуэувэн хуейщ. Ит Iанэщ щытыкIэм зыщытхуегъэхуэжьнур, - кьыхигъэбелджьылыкIащ республикэм и Унафэщым.

Апхуэдэу Къанокъуэ Арсен щхьэхуэу кьытеувыIащ Iуащхьэмахуэ районымрэ Бахъсэн куейм и ядыныкъуэ щIыпIэхэмрэ терроризм зэрыщеэбныну пIалъэр ихуныкIэ ягъэува хабзэ хэхам щыгъэбелджьыла Iуэхугъуэ нэхъыщхьэм.

ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лжьакъ Iуэхэр хэмыту иужькIэ эсалъэмакъым пащащ.

ЗэIущIэм хэтащ Урысейм и МВД-м КИФЩ I-м щиIэ управленэ нэхъыщхьэм и щыуагъэхэр ди щIэм щIэту зэредгъэзэжьыжьыным, - жиIащ Пщыншэ Къазбэч. - Хьэрхуэрыгъэр хьумэным тхуэуха законым и 19 - 21-нэ статьяхэм щыубзыхуахэм зэребэкъуэм кьыхэкIыу, нэгъабэ Iуэху 14 къэтIэтри, дыхэпльащ икIи дэтхэнэми тхьылъщхьэхуэ хуэтткащ. Къащтэмэ, аукцион хэмыту икIи ди Iуэхущ Iэпкъ кьемычэнджэщу Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIуэхэрэ курытхэмрэ муниципальнэ мылъкур бэджэнду зэрырита зэгурыIуэныгъэхэр едгъэкъуэтэжащ. Ар зи гугъу тщIы хабзэм и 15-нэ статьям и япэ Iыхьэм кьеззэгъыртэкьым.

Апхуэдэу хьэрхуэрыгъэр хьумэным теухуа Законым и зыльыттэн хуейр «модернизацэ» едгъэкIуэкIын папщIэкъым лэжьэкIэщIэм дытехьэн щIыхуейр, атIэ Ар къэлъытэн хуейщ егъэджэныгъэм и модельыр щыдубзыхукIэ.

Еджапl Iэ нэхъыщхьэ зэхуэм зэманым екIуу бэкъуэн папщIэ, профсоюз зэгуэхьэныгъэхэм я пащхьэ кьиувэ кьалэнхэм, ахэр зэрызэфIэгъэкIыпхъэ Iэмалхэм убгъуауэ тепсэльыхьащ Дудин Вадим. Кемеровэ къэрал университетым и профсоюз зэгуэхьэныгъэм и унафэщI Спиринэ Юлии зэпкърихащ и нэIэм щIэт IэнатIэр зи ужь ит унэтIыныгъэхэмрэ абыхэм зыхуашэну зыщыгугъэхэмрэ.

Егъаджэныгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр кьызэрыкьыхьэм, ахэр IэнатIэм хэпща зэрыхъунум теухуауэ щытащ гуп-гупурэ гуэшауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр.

Егъаджэныгъэ стандартыщIэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэр автономнэ статусым зэрыхуагъаKIуэм, «Урысей Федерацэм щыIэ егъаджэныгъэм зэгуэхуауэ» законопроектым зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм, нэгъуэщIхэми ятеуха упщIэхэм КъБКъУ-м и ректорыр зэреплъыр къащIэну хуейуэ хьэщIэхэм зэрызыхуагъэза упщIэхэм жэуап яритыжащ Къарэмырэ Барэсбий.

НЭЩIЭПЫДЖЭ **Замирэ.**
Суэтэхэр **КЪАРЕИ Элинэ** *трихащ.*

МардэщIэхэм хуэфэщэн хуэдэу

● ЩIэныгъэ

Мазаем и 21-23-хэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым семинар щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыным зэхъуэкIыныгъэхэр щыхадзхьэ лъэхъэнэм вузхэм я профсоюз зэгуэхьэныгъэхэм я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр убзыхуным.

ЗэIущIэм кьихьэлIащ КъБКъУ-м и ректор **Къарэмырзэ Барэсбий,** УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм и Профсоюзым и унафэщIым и къуэдзэ **Дудин Вадим,** КъБР-м и апхуэдэ IэнатIэм и унафэщI **Карныш Сергей**, Урысейм и ипщэ щIыналъэм щIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэм, студентхэм я профсоюз зэгуэхьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхьэхьэр Къбэрдей-Балъкъэрым, УФ-м и классикэ университетхэм ящищ зым, зэрыщекIуэкIыр и гуапэ зэрыхьэр жиIащ Дудин Вадим. КъыкIэлъыкIуэу зэIущIэм кьыщыпсэлъа Къарэмырэ Барэсбий жиIащ семинарым зи гугъу щащIыну Iуэхугъуэхэр и чэзу дыдэу зэрыщытыр, «модернизацэ» псалъэм лъабжьэ хуэхъур зэпкърыхуаэ, абы куууэ елэжьын зэрыхуейр.

- Мыхьэнэшхуэ иIэщ профсоюз зэгуэхьэныгъэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я зэдэлажьэныгъэм. Сыту жыпIэмэ, иджыпсту егъэджэныгъэм щIэуэ хагъэхьэхэр зыгурыбгъэIуэнэу, абы тету улажьэу зэтебублэныр тыншкъым, - жиIащ Къарэмырэрэм. - Абы ипкъ иткIэ, егъэджэныгъэ Iуэхуэм ирилажьэ псори зэчэнджэщу зэдэлэжьапхъэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ илъэс 15 - 20 хуэдиз дэкIмэ, къэралым и щытыкIэнур иджыпсту зэтедублэ Iуэхуэм елыгъауэ зэрыщытынри. Абы кьыхэкIкIэ, Iуэхуэм нэхъ хэзыщIыкIхэр дызэхуэсу ди гугъуехьхэр зыхуэхуэдэр къэдгъэлъэгъуэу, абыхэм я хэкIыпIэхэр дубзыхуурэ властым дежь нэтхьэсыныр Iэмал зимыIэщ.

- Егъаджэныгъэ IэнатIэм нобэ щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм хэлIыкIыхьын хуейщ профсоюзхэри, - кьыпищащ ректорым и псалъэхэм Карныш Сергей. - Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр апхуэдизкIэ куэд мэхъу, гъащIэм хэпща хъун папщIэ щыIэр зэман мащIэщи, абыхэм дальэгъ щIыхьэн папщIэ дыдэ щIыгъуу дыдэжьэныр Iэмал зимыIэщ. СыздэрелъымкIэ, дэ нэхъыбэгу зэхуэсу ди гугъуехьхэр зыхуэхуэдэр къэдгъэлъэгъуэу, абыхэм я хэкIыпIэхэр дубзыхуурэ властым дежь нэтхьэсыныр Iэмал зимыIэщ.

- ЕгъаджэныгъэIэ стандартыщIэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэр автономнэ статусым зэрыхуагъаKIуэм, «Урысей Федерацэм щыIэ егъаджэныгъэм зэгуэхуауэ» законопроектым зыуэ щыт кьэрал экзаменхэм, нэгъуэщIхэми ятеуха упщIэхэм КъБКъУ-м и ректорыр зэреплъыр къащIэну хуейуэ хьэщIэхэм зэрызыхуагъэза упщIэхэм жэуап яритыжащ Къарэмырэ Барэсбий.

НЭЩIЭПЫДЖЭ **Замирэ.**
Суэтэхэр **КЪАРЕИ Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Хабзэм къызэригъэувым тету

Урысейм и Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Управленэм и унафэщI Пщыншэ Къазбэч мазаем и 22-м иригъэкIуэкIа пресс-конференцым щызэхилъхьажащ а Iуэхущ Iапl эм нэгъабэ зэфIигъэкIахэр, апхуэдэу мы илъэсым къапэщыт къалэнхэр щигъэбелджьылащ.

АБы кьызэригъэлъэгъуамкIэ, хьэрычэтыщIэхэм я зэгуэхьэныгъэм, властымрэ жылагъуэ организацэхэмрэ я лIыкIуэхэм папщIэ зэIущIэ, семинар Iэ эмылIэужьыгъуэхэр кьызэрагъэпэщащ, Iуэхур зэхьэлIа Iэнатlэхэм жыджэру ядэлэжьащ.

- Гъэ кIуэм тхыгъэ кьытIэрыхьэм хуэдэ 1,7-м щIигъукIэ хэхъуащ. Ахэр нэхъыбэу теухуащ хьэпшыпхэр щызэблагъэкI рынокым бжьыпэр щызыIыгъ Iэнатlэхэмрэ монополистхэмрэ я IуэхущIафэр зыхуэдэм. Апхуэдэу хьыбарэр ди сайтым жыджэру зэрыщызэбгредгъэхьым, «Хьэрхуэрыгъэр хьумэным и Iуэхукlэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьыдагъэкIа Федеральнэ закон №135-ФЗ-р кьызэрыгъэсэбэпыхъэм теухуа хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэм дызэрегъуэм и фIыгъэкIэ, организацэрэ цIыху щхьэхуэу зыкьыхтхуэзыгъазэхэм я бжьыгъэм хохьуэ. Отчет лъэхьэнэм кьэриубыдэу гулъытэ хэха хуэтщIащ Iуэху кьАхуэдэмыгъэкIыу, кьуанщIэхэм я Iуэхугъэхэр ди щIэм щIэту зэредгъэзэжьыжьыным, - жиIащ Пщыншэ Къазбэч. - Хьэрхуэрыгъэр хьумэным теухуауа законым и 19 - 21-нэ статьяхэм щыубзыхуахэм зэребэкъуэм кьыхэкIыу, нэгъабэ Iуэху 14 къэтIэтри, дыхэпльащ икIи дэтхэнэми тхьылъщхьэхуэ хуэтткащ. Къащтэмэ, аукцион хэмыту икIи ди Iуэхущ Iэпкъ кьемычэнджэщу Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIуэхэрэ курытхэмрэ муниципальнэ мылъкур бэджэнду зэрырита зэгурыIуэныгъэхэр едгъэкъуэтэжащ. Ар зи гугъу тщIы хабзэм и 15-нэ статьям и япэ Iыхьэм кьеззэгъыртэкьым.

Апхуэдэу хьэрхуэрыгъэр хьумэным теухуа законым и 10-нэ, 14-нэ статьяхэр кьызэрызэпадам кьыхэкIыу, Iуэху 12 къэлэтащ. А ныкъуэсыгъэхэм хохьэ хэгъэзащэхэм зэгурыIуэныгъэ кIэ зэгурыIуэныгъэ ещIылIэныр, нэгъуэщIхэм я сэбэн зыхэлъхэр кьызэрамылъытэр, щэхуакIуэхэр зэрагъэжакъуэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэм ящыщ куэдым ФАС-м и щынальэ къудамэр хопльэ, антимонопольнэ хабзэм кьызэрезэгъыр егъэбелджьылы. Абы и Iэщlагъэлlэхэм кьалэ, район администрацэхэм кьэпщIэныгъэхэр зэрыщIагъэкIуэкIым и фIыгъэкIэ, щIыпIэ самоуправленэхэм я IэщIкI щыуагъэхэр псынщIэу ягъэзэкIуэж. Ныкъуэныгъэхэр къагъэтмэ, Iуэху кьаIэт, ахэр зэрагъэкIуэдыжынум теухуа чэнджэщэмкIэ унафэщIхэм ядогуашэ.

- Зи гугъу тщIы зэманым кьэриубыдэу ди Iуэхущ Iапl эр щыхьэпхъэ щызэблагъэкI рынокым бжьыпэр щызыIыгъ Iэнатlэхэмрэ монополистхэмрэ я Iуэхущ Iафэр зыхуэдэм. Апхуэдэу хьыбарэр ди сайтым жыджэру зэрыщызэбгредгъэхьым, «Хьэрхуэрыгъэр хьумэным и Iуэхукlэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьыдагъэкIа Федеральнэ закон №135-ФЗ-р кьызэрызэгъэсэбэпыхъэм теухуа хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэм дызэрегъуэм и фIыгъэкIэ, организацэрэ цIыху щхьэхуэу зыкьыхтхуэзыгъазэхэм я бжьыгъэм хохьуэ. Отчет лъэхьэнэм кьэриубыдэу гулъытэ хэха хуэтщIащ Iуэху кьАхуэдэмыгъэкIыу, кьуанщIэхэм я щыуагъэхэр ди щIэм щIэту зэредгъэзэжьыжьыным, - жиIащ Пщыншэ Къазбэч. - Хьэрхуэрыгъэр хьумэным теухуауа законым и 19 - 21-нэ статьяхэм щыубзыхуахэм зэребэкъуэм кьыхэкIыу, нэгъабэ Iуэху 14 къэтIэтри, дыхэпльащ икIи дэтхэнэми тхьылъщхьэхуэ хуэтткащ. Къащтэмэ, аукцион хэмыту икIи ди Iуэхущ Iэпкъ кьемычэнджэщу Прохладнэ кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIуэхэрэ курытхэмрэ муниципальнэ мылъкур бэджэнду зэрырита зэгурыIуэныгъэхэр едгъэкъуэтэжащ. Ар зи гугъу тщIы хабзэм и 15-нэ статьям и япэ Iыхьэм кьеззэгъыртэкьым.

Апхуэдэу хьэрхуэрыгъэр хьумэным теухуа Законым и 10-нэ, 14-нэ статьяхэр кьызэрызэпадам кьыхэкIыу, Iуэху 12 къэлэтащ. А ныкъуэсыгъэхэм хохьэ хэгъэзащэхэм зэгурыIуэныгъэ кIэ зэгурыIуэныгъэ ещIылIэныр, нэгъуэщIхэм я сэбэн зыхэлъхэр кьызэрамылъытэр, щэхуакIуэхэр зэрагъэжакъуэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэм ящыщ куэдым ФАС-м и щынальэ къудамэр хопльэ, антимонопольнэ хабзэм кьызэрезэгъыр егъэбелджьылы. Абы и Iэщlагъэлlэхэм кьалэ, район администрацэхэм кьэпщIэныгъэхэр зэрыщIагъэкIуэкIым и фIыгъэкIэ, щIыпIэ самоуправленэхэм я IэщlкI щыуагъэхэр псынщIэу ягъэзэкIуэж. Ныкъуэныгъэхэр къагъэтмэ, Iуэху кьаIэт, ахэр зэрагъэкIуэдыжынум теухуа чэнджэщэмкIэ унафэщIхэм ядогуашэ.

- Зи гугъу тщIы зэманым кьэриубыдэу ди Iуэхущ Iапl эр щыхьэпхъэ щызэблагъэкI рынокым бжьыпэр щызыIыгъ Iэнатlэхэмрэ монополистхэмрэ я Iуэхущ Iафэр зыхуэдэм. Апхуэдэу хьыбарэр ди сайтым жыджэру зэрыщызэбгредгъэхьым, «Хьэрхуэрыгъэр хьумэным и Iуэхукlэ» 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м кьыдагъэкIа Федеральнэ закон №138-ФЗ-м кьызэригъэувым тету, абы теуха хабзэр зэрагъэзащIэм зэпымыуэ дыкIэлъэпль. ЩIыбым кьыщыфIадзэ, телевидениэмрэ газетэхэмрэ ират рекламэхэм ящыщу ныкъусаныгъэ нэхъыбэ зыхэлъыр хущхъуэхэкIэмрэ медициной, финанс Iуэхутхъэбзэхэмрэ ятеуухуэхрэщ. Нэгъабэ Iуэху 43-рэ къэтIэтащ, куэды зытетлъхьэхэм яхуэгъэзаэу тхылъ 41-рэ дгъэхьэзыращ, хабзэм ебэкъуахэм сом мин 217-кIэ детхэкъуащ.

Пщыншэ Къазбэч кьызэригъэлъэгъуамкIэ, заказ зытхэм я хьэпшыпхэм, лжьыгъэхэм, Iуэхутхъэбзэхэм хуимыту дагъуэхэр зэрыхуащIым. Заказхэр зэрыхагъуашэм теухуа федеральнэ хабзэр кьызэрыпыдахэм яхуэгъэзэа административнэ Iуэхуу 237-м хэпльащ, куэдыуэ сом мелуани 2-рэ мин 392-рэ тралъхьащ, сом мин 846-кIэ ягъэшынащ.

УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ ящща пщэрылъым тету, «Сатум и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым къигъэувэкIэ зэрагъэзащIэм кIэлъыплъын мурадкIэ, ФАС-м и щынальэ къудамэм ерыскьыхэкIэмкIэ сату зыщI коммерцэ организацэ щхьэхуэхэм я лжьыгъэр кьиупащIащ, республикэм и прокуратурэм щыгъуэу нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри кьызэригъэщащ.

Властым и къэрал органэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ антимонопольнэ хабзэхэм зэребэкъуам теухуа Iуэхуу 45-рэ зэпкърахащ. Абыхэм ятеуха тхылъу 38-рэ зэрызыхэзыращ. УФ-м Административнэ кьуанщIагъэхэмкIэ и кодексым и 14.31-нэ статьямкIэ Iуэхуи 3 кьаIэтащ, кьуанщэхэм кьэдыуэ сом мелуан 16-рэ мин 808-рэ тралъхьащ. Ауэ а организацэхэр зэрытхьэусыхэхэм кьыхэкIыу, тезырхэр иджыри япшынакъым, абыхэм я Iуэхум КъБР-м и Арбитражэ судым щыхопльащ. Кодексым и 14.32-нэ статьям икIи иткIэ, унафэщIитI административнэ жэуапым ирашэлащ, сом мин 40-кIэ етхьэкъуащ. Апхуэдэу КоАГ-м и 14.33-нэ статьямкIэ Iуэхущ Iапl и 5-м сом мин 500 ирагъэпшынащ. 2010 гъэм кьриубыдэу кьулыкъущIэу 150-м, организацэу 13-м административнэ жэуап ирагъэхьащ.

- ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэм жыджэру дадолажьэ. Абыхэм антимонопольнэ законодательствэм щыубзыхуа пщалъэхэм, ди къалэнхэм, ди лжьыгъэм кьэрикIуэхэм дащытопсэльыхь. Нэгъабэ пресс-конференцу 3, зэIущIэрэ семинару 10 едгъэкIуэкIащ, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ щIыпIэхэм кьыщызэрагъэпэща зэхьыхьэхэм ди Iэщlагъэлlэхэр хэтащ, Интернетым и сайт зэмылIэужьыгъуэхэм ди управленэм и Iуэхущlафэм теуха тхыгъэ 415-рэ щызэбгредгъэхащ, радиомрэ телевидениэмкIэ 85-рэ дыкьыщыпсэльащ. Апхуэдэу ди щыкIэпхъэ щыхьэхэм и пресс-Iуэхущlапl эм «Конкуренция и рынок» журналым ди лъжьыгъэм теухуа тхыгъэ кьыпридзащ. Социальнэ рекламэм гупытэшхуэ хуэпащащ, - жиIащ Пщыншэ Къазбэч.

Абы кьызэрыкIуэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и телеканалхэм нэгъабэ апхуэдэ рекламэ зэмылIэужьыгъуэу 187-рэ щагъэпсэлъэщ. «Авторадио»-мрэ «Европэ Плюс» радиомкIэ 1493-рэ къатащ, я сайтыр зэпымыуэ кьагъэщIэращIэ. Абы и Iэщ упщIэмрэ жэуапымрэ щызэIэпах Iыхьэ. Илъэсым щыщу блэкIа мазитI иримыкъым абыкIэ цIыху 34-м зыхуагъэзащ.

ЗэIущIэм и кIэм Пщыншэ Къазбэч мы гъэм къапэщыт къалэнхэр игъэнэIуащ, журналистхэм я упщIэхэм жэуап яритащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

КъБР-м и оперативнэ штабым къет

КъБР-м и Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районымрэ Бахъсэн муниципальнэ районым щыщ Iыхьэмрэ 2011 гъэм мазаем и 20-м щегъэжьауэ террорым пэщIэтынымкIэ хабзэ щытыкIэр зэрыщагъэуварэ кьыхэкIыу, КъБР-м и оперативнэ штабым республикэм нэхъ лъэпкъэ захуегъаз « Терроризмым пэщIэтыным и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и 11, 12 статьяхэм япкъ иткIэ щалъэкIэ зэграгъэуува мардэхэр ягъэзэщIну икIи, нэсочи къэтыгъэнымкIэ, терроризм пэщIэтыныгъэмкIэ хабзэ щытыкIэр кьызэпыньуфэр УФ-м Административнэ кьуанщIагъэмкIэ и кодексым и 21.27 статьям тету административнэ жэуапым зэрырашащIэр.

Щыхуэхэм ящIэн щхьэкIэ

«Терроризмым пэщIэтыным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и 20.27 статья. Терроризм пэщIэтыныгъэмкIэ хабзэ щытыкIэр

1. Террорым пэщIэтыныгъэмкIэ хабзэ щытыкIэр щагъэуува щIыналъэм (ухуэнчыгъэм) щыпсэуз щыхьэпхъэ щызэкIуэ мардэхэр гъэзэщIыным теухуауэ щыпкъагъэуншагъэмкIэ федеральнэ кьулыкъущIапIэм и органым кьулыкъу щызыубгъэ цIыхум законым ипкъ иткIэ кьыгъэувэр зэрамытэзащIэм папщIэ,

-

цIыху щхьэхуэм сом щитхъм нэскIэ, кьулыкъущIэхэм сом миныбгъэ щегъэжьауэ сом миныбгъэ нэскIэ, юридическэ IэнатIэхэм сом мин щитхъм щегъэжьауэ сом мин щIыщIэм нэскIэ йотхъжьу.

2. Террорым пэщIэтыныгъэмкIэ хабзэ щытыкIэр щагъэуува щIыналъэм (ухуэнчыгъэм) хуит ячыщIауэ зэрыхьэм е ихьэну зэрыхэтам папщIэ, -

цIыху щхьэхуэм сом щитхъм щегъэжьауэ сом миныбгъэ нэскIэ йотхъжьу.

3. Террорым пэщIэтыныгъэмкIэ гъэлъэгъуэнкIэхэм зэран зэрахуэхъуам папщIэ, -

цIыху щхьэхуэм сом миныбгъэ щегъэжьауэ сом мин щитхъм нэскIэ йотхъжьу е сутхэ пщыкIутхъм нэскIэ щагъэсыну административнэ взыгъэ тралъхьэ; кьулыкъущIэхэм сом мин щитхъм щегъэжьауэ сом мин щитхъм нэскIэ йотхъжьу е сутхэ щыкIутхъм нэскIэ щыкьыну административнэ тезыгъэ тралъхьэ; юридическэ IэнатIэхэм сом мин щитхъм щегъэжьауэ сом мин щIыщIэм нэскIэ йотхъжьу.

4. Терроризмэм е бэныныгъэмкIэ гъэзащIэ зэрагъэкIуэжыр щыхьэпхъэ кьызэрагъэщIэ Iуэхущlапl эм и редакторэ нэхъыщхьэм, редакцэм, теле - (е) радио программэкIэ кьызэригъэщIэм, газетыр кьыдэзыгъэкIе е хэзыгъаюз нэгъуэщI Iуэхущlапl эм кьызэрызэпэщащ папщIэ, -

цIыху щхьэхуэм сом щитхъм щегъэжьауэ сом мин щитхъм нэскIэ, кьулыкъущIэхэм сом мин щитхъм щегъэжьауэ сом мин щитхъм нэскIэ, юридическэ IэнатIэхэм сом мин щIыщIэм нэскIэ йотхъжьу.

● Фэеплъ

Ноби ящыгъупщэркъым

Советхэм я зэманым ди республикэр кьулейуэ щытащ колхозхэм, совхозхэм зи кьалэнхэр нэсу щезыхьэкIа лэжьакIуэ псэемыблэжьэмкIэ. Апхуэдизу кьэгъуэгурыкIуащ мы тхыгъэр зыттеуха Къырымыкъуэ Хьэбали.

АР-кIэ Къэбэрдей» племсовхозым илъэс куэдкIэ хьэлэлу щылэжьащ. Хьэбалэ а IэнатIэм пэрытыху и лэжьэгъуэхэм цIыху пэжу, гуапэу яхущытащ, пщIэрэ нэмысрэ кьыхуащIу кьеКIуэкIащ. Ар зыщIыхуахэмэ дэлэжьаxэмэ нобэр кьыздэсым ящыгъупщэркъым, фIыкIэ ягу кьагъэжьащ.

НэхъапIэуэкIэ Москва, СССР-м и лжьакIуэ пашэхэр ягъэлъапIэу здагъакIуэу щыта ВДНХ-м, Хьэбалэ мыхьэ-мытIэу щыIащ, абы «Москвич» автомашинэр сагугъэту кьыхэрыщратар щыхьэт тохьуэ ар зи IэнатIэр фIыуэ зыльагъу, абы хуэпэ ж цIыхуу кьыхэрыгъэгурыкIуам.

Хьэбалэрэ и щхьэгъусэмрэ унагъуэ дахи яухуат. Абыхэм пхьуитхурэ зы кьуэрэ кьащIэхъуатI, дэтхэнэри зыхуей ящыгъ, хабзэм тету ягъэсащ. Аэр унагъуэ щхьэхуэ хъхьажа IэнатIэ зырыз Iутхэщ. И кьуэ Мухьэмэд кьэзылъхуаxэм яхуэфащэу дунейм тетщ, и адэм и лъапсэм щопсэ у.

Къырымыкъуэр лэжьыгъэм кьызэрыхэжаныкьым теухуа тхыгъэхэр, и сурэтхэр щIыгъ ужу, республикэм кьыщыдэкI газет зэхуэмыдэхэм куэдрэ кьыптехуэу щытащ. Аэр и бынхэм, абыхэм кьащIэхъуа щIэблэм ноби хуэсакьыу зэрахьэ, я адэм, адэшхуэм иIа зэфIэкIым, ехьулIэныгъэм я фэеплъу.

ШЭРУ Хьэбас.
Къарм эхьэблэ кьуажэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуаплныгъэр ягъэткIий

Зыхуэдэм емылытауэ, Iуэхущlапl э пеоин я чанфощIхэм гъэтIылыпIэ зимыIэ я кьалэнщ улахуэр и чэзум тыныр кьызэрагъэпэнщыну.

ЩЫПIэ хабзэм ипкъ иткIэ, улахуэр зы мазэм нэскIэ зыгъэгувэхэр административнэ, мазитIым щIигъукIэ зэтезыIыгъэхэр уголовнэ жэуапхэм ирашалIэ (УФ-м и УК-м и 145.1 статьяI).

Социальнэ, экономикэ IэнатIэхэм хабзэр зэрыщагъэзащIэр, цIыхухэм я хуитныгъэхэр зэрыщахъуэмэ ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ, 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м УФ-м и прокурор нэхъыщхьэм ищIа Унафэ №229/7-р-м тету, кьалэхэм р районхэмрэ я прокурорхэм кьыпхащIащIапхуэхэрэ зыгъэпщыту и чэзум я Iрыхьэныкъо цIыхухэм я хуитныгъэхэр зэрахьэмэ зэрыкIэльапIэ щIыкIэр ягъэткIийну.

Къэралым кьигъэувэр кьэрамыдзэу, дэжьыгъэмкIэ щыIэ хабзэхэр зэрыщыщIащ улахуэр зэрыкьыкъуэ унафэщIхэр IэхьэгъэзэгъэтегъэкIыу бгъэдохьэ, улахуэр ягъэгувэ. Налшык кьалэм и прокуратурэм «Кьалэ клиникэ сымаджэщ №1», «Стоматологие поликлиникэ №2» МУЗ-хэм апхуэдэ ныкьусаныгъэхэр кьыщыщIигъэщащ. А Iуэхущlапl эхэм я унафэщIхэм жэуап ирагъэхьынущ. Улахуэр зыгъэгувэхэм, цIыхухэм лжьыгъэкIэ яIэ хуитныгъэхэр кьызэрыщыдгъэхэм кьалэ прокуратурэр дяпэкIи ткIийуэ ябгъэдыхьэнущ. Улахуэр зымыт дэтхэнэри административнэ жэуапым ирашэлIэнущ, егъэIуэну кьыщIохуэхэр УФ-м и КоАП-м и 5.27 статьям и 2-нэ Iыхьэм иткIи иткIэ, я IэнатIэм IуагъэкIынущ.

ЦIыхухэм я улахуэр мазитIым щIигъукIэ зыгъэгувэ унафэщIхэр (кьулыкъущIэхэр) уголовнэ жэуапым ирашэлIэн папщIэ, прокуратурэм Iуэху кьиIэтынущ.

НЕБОТОВЭ Ольгэ,
КъБР-м и прокурорым СМИ-мрэ жылагъуэмрэ ядэлэжьнымкIэ и дэIэпыкъуэгъу нэхъыжь, юстицэм и чэнджэщгъу.

● ЩIэнхабзэ

Никулин Юрий и цIэр зезыхьэ циркыр ди хьэщIэщ

Налшык кьалэм ныжь япэ кьэкIуащ УФ-м и цIыху артист Никулин Юрий и цIэр зезыхьэ цирк щIрыцIэр. Аб хьазым и утыкуэ дежь щагъэувэм щIэ зыхьэ гъэлъэгъуащ, щэч хэмыту, псэущхьэхэмрэ абыхэм я зэфIэкI гъэщIэгъуэнхэмрэ зэзыгъэлъагъуну хуей балигъэхэри сабиихэри абы кIуэнщ.

Цирк цIэрыIуэм ди республикэм зыкъызэрыщигъэлъэгъуэнум теухуауэ КъБР-м и Щэнхабзэмкlэ и министерствэм пресс-конференц щекIуэкIащ. ЗэIущIэм хэтащ Къабардей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Русланрэ** Налшык кьалэ администрацэм и тхьэмадэ **Хьэгъасэ Залымджэрийрэ**. Москва и Цветной бульварым щыIэ циркым и унафэщI, абы зи IэщIэ з

Усакlуэ щэджащэ

Мы гъэм мазаем и 20-м илъэс 75-рэ ирикъуащ адыгэ усакlуэ ПащlэБэчмырзэ (1854 - 1936) дунейм зэрехыжрэ

Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщlэкlа дэтхэнэ усэри гъэнщlащ гъэУгъанэ кIыхь зэпызыча, гъащlэм и гущlэм и Iэфи зыхэзыща, художественнэ псалъэм и къарур зи гущlэм зыпхидза цIыхум и акъылрэ и гупсысэкlэ.

Бэчмырзэ и усэм и пщlэмрэ и мыхьэнэмрэ щlипльэтэкlэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ар цIыхубэм я гущlэлъапсэм кIыпсэлъыкI, абы и гукъеуэмрэ гуаУэмрэ кууУэ зыхэзыщlэ, Iупщl дыдэу зыIуэтэф усакlуэу зэрыщытар.

Бэчмырзэ и усэр гъэнщlащ езыр щыпсэуа дунеймрэ зэманымрэ я пэжыпIэкlэ. ЛIыныбжь къэзыгъэщIа усакlуэ щэджащэм и нэгу щlэкlащ мэкъумэшыщIэ къулейсызым и дуней Iыхьэр, и щхьэкlэ и игъэнэхуащ а дунейр Iэфlрэ дыдэрэ.

«Си Iуэхум и пэр хэнжу къыщlедзэ» - а псалъэмкlэ иублэгъащ Бэчмырзэ и усэр, а псалъэ жанхэрщ абы и пшынальэм щIэдзанIэ хуэхъуар.

ЦIыху цIыкIум и фэм дэкI хьэзабыр зэрыгъынапкъэнщэрщ, абы и дунейр зэрыкIыфырщ, лъэпсрэ нэпскIэ ар зэрыгъэнщIарщ Бэчмырзэ и усэ пасэхэм - гъыбзэхэм - ди нэгу щIагъэкIыр.

«Къаушыргъэм и уэрэдми» «Алихъан и гъыбзэми» усакlуэм щIиуатэр зы унагъуэм къихъуа гуауэм и закъуэкъым, ар лей зрах псоми я губжь пэлъытэщ, а губжьыр къущыщIиуудыну махуэр къызэрыблэгъаи щыхьэт техъуэ пшынальэщ. Абдежщ Бэчмырзэ и усэм иужьыуэкlэ къыхыхьэну лIыхъужьым - мэкъумэшыщIэ хахуэм - япэ лъэбакъуэ щичар. Усакlуэр тепъыхэрэкъым лъы ищIэжурэ хэкlуэда щIалэм, игъейркъым ар - егъафlэ, щапхъэу егъэлъагъуэ.

Гъыбзэмрэ тхьэусыхафэмрэ къыщежьэри, Бэчмырзэ и усэр хуэм-хуэмурэ хуэкlуащ гъащlэм и пэжыпIэкlэ гъэнщIа пшынальэ пхъашэм. «Дуней зэблэкIыгъуэм» - ди лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм, мафIэр щIылда лъэхьэнэм Бэчмырзэ и усэм и гъащlэр нэхъри къеблащ, усакlуэм и псалъэ щэрыуэр гъуазэ яхуэхъуащ губжьым игъэнщIауэ Iэщlэр къэзыщтэ цIыхубэм.

Бэчмырзэ и усэм Iупщl дыдэу ди нэгу щыщIокI насыпымрэ псэухIэщIэмрэ щIэбэну цIыхубэм къызэпичащ гъуэгуанэ кIыхьыр. Ар дыдэр зэпичащ, и нэгу щIэкlащ езы усакIуэми, аращ абы и усэр цIыху цIыкIум и бэнэныгъэм и гъуджэ пэлъытэ щIэхъуар.

Гъуэгуанэ кIыхь зэпичащ Бэчмырзэ, и нэгу щIэкlащ гъащlэм и Iэфlи и дыдэ. Аращ абы еджапIэу иIар - езы гъащIэрщ, аращ акъыл къызыхихар. Гъыбзэкlэ къыщIидзами, Бэчмырзэ и усэм, гъащIэм и курыкIуп эм хэшасэурэ, абы и пIэжапIэр къыщIигъальэурэ, зэманымрэ дунеймрэ я гупсысэ пашэхэмкlэ зиузэдащ. Ильэгъуамрэ и нэгу щIэкlамрэ къыхиха акъылым Бэчмырзэ и усэр купщlафlэ ищIащ, философскэ гупсысэ куукlэ игъэнщIащ.

Куэд къызэщIикъуащ Бэчмырзэ и акъылым, жьыжьэ нэпльысащ ар. Усакlуэр, зыбжанэрэ къытригъэзэжырэ, йогупсыс гъащlэм, дунеим, уахътыншагъэм, псэунагъэм, пIэнагъэм, н. ЛIащIыгъуэм нэблагъэ къэзыгъэщIа усакIуэм, и нэгу щIэкlам ирипльэжурэ, итхыгъащ:

Апхуэдэщ гъащIэр -
Жьым щIэблэ
къыщIохъуэ.

А гупсысэм куэдрэ къытригъэзэжынущ усакlуэм.

Блэкlар умыгъейуэ,
Уи махуэм хуэлажьэ.
Уи ныбжьыр блэкlами,
Блэкlакъым насыпыр.

Гъащlэм и хьалъэ мащIэ къыжьэхуэакъым гущlэм, итIани ар абы зэи къыIэщIэужьгъуакъым, ар зыми памыщI фIыгъуэу цIыхум нэхъыжь зимыIэм Iэнкун я куэдщ», е «гъуэгу бгъэкIэщIыну уигу илъмэ, лъэр зытеуувэм гу лъытэ»).

Псалъэжь, псалъэ щэрыуэхэр лъабжьэ дхуэхъуами, Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэр» езы усакlуэм и акъылкlэ псыхьащ, езым зэриIэдакъэщIэкIым шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым. ЦIыхубэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ псалъэ Iущхэр къигъэсэбэпуэрэ, Бэчмырзэ къигъэщIащ гупсысэ жанрэ фащэ дахэкlэ гъэпса усэ щэрыуэхэр.

Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэм» ящIащ дэтхэнэри псалъэжь пэлъытэу гъэпсащ, зыр адрейм епхауэ, зы псалъэм адрей псалъэр нэхъри игъэбелджылыуэ:

Джатэ къызыхыр
мэгушхуэ,
Лыифыр гушхуамэ,
аслъэнщ.
Бжыр зыгъэдалъэр
къэрабгъэщ.
Лыигъэр щагуэшыр
зэуапIэрщ.

Усакlуэм псалъэ пэжхэмкlэ иIуатэр езым шэч лъэпкъ къызыгурымыхьэж, Iэджэрэ игъэнэхуа гупсысэрэ акъылрэщ. Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр акъылыфIафэ зытезыгъауэ «нэхъыжьым» и ущиекъым, ахэр зи ущиер езы гъащIэрщ, цIыхубэрщ, зэманырщ. Арауи къыщIэкIынщ Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ псалъэжьхэмрэ псалъэ щэрыуэхэмрэ хуэдэу уахътыншэ щIэхъуар. Ахэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, зэманым кIащIхъэрэ фагъуэрэ дэмыкъуIущыгъэщ. «Псалъэ пэжхэм» ящIащ дэтхэнэ усэри щапхъэу къытепхъэ хъунущ абы, псалъэм папщIэ:

Щыхь хуэмыфащэу
зыгъуэтым
Махуэ щIэщыгъуэщ и
бжьыгъуэр.
Щыхь зыхуэфащэу
зимыIэм
И Iэр нэщхъыфIэу
ябыд.

Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэр» «зи Iыхьэр мащIэу зи гуащIэр ин» мэкъумэшIащIэм гъащIэм къыхиха Iущыгъэщ, нэгъуэщIу жьIпIэмэ, ар гъащIэм и Iэфlи и дыджи зыIьэгъуа, зи пщIэн тIэпскlэ псэунт, ар дыдэм щыIэблэр хуэзыгъаджэ мэкъумэщыщIэм и философиещ.

Бэчмырзэ пасэрей псалъэжьхэр, псалъэ щэрыуэхэр езым и усэхэм лъабжьэрэ къуэпсрэ яхуища къудейкъым, усакlуэм гъунэжу къигъэщIащ иужьым жьлэм хэз хъуа, псалъэжь пэлъытэу игъащIэкlэ гъуэгурыкIуэну псалъэ щэрыуэ куэд.

Бэчмырзэщ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ псалъэ щэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ щIэблэм къахуэзыгъэнар: «Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ», «Акъыл зи мащIэм дежкlэ Iэщlагъэ псори емыкIыщ», «Батырыбжьэ ефэм кIэлъыплъи, батырыбжьэ щIатыр зэгъащIэ», «Зи пашэ хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ», «Пшынальэр бгъунлъэм, лъэпкъыр мэукIытэ», «ЛIыгъэм щIапIыкIым игу хохьуэ», «Псалъэ зи мащIэр щIэщыгъуэ мохьу», н. Iэджэри. Нобэ ахэр псалъэжь хъужауэ цIыхубэм хэлъщ, усакlуэм и акъыл бзыгъэмрэ и гупсысэ жанымрэ я щапхъэ Гъуэзэджэу.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

* * *

Щыхь хуэмыфащэу зыгъуэтым
Махуэ щIэщыгъуэщ и
бжьыгъуэр.
Щыхь зыхуэфащэу зимыIэм
И Iэр нэщхъыфIэу яубыд.

* * *

Ижьым щыгъуазэрэ
Зекlуэр ицIыхум - ар Iущщ.
Пэжыр и гъуазэрэ
Захуэм щIэбэнмэ - ар лIыфIщ.
Нэмыс зыхилъхьэрэ
Iыхьэм емыблэмэ - ар хахуэщ.
Абы хуэдэлIым сыныIущIатэмэ,
Сэ хьэдрыхэ сыдэщIыхьэнт.

* * *

Къэрабгъэр щIэшынэр ажалщ,
Хьэлэлыр зэрыпщIэр и хабзэщ.
Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ,
Делэм куэд ищIэу къыфIощI.
Зымыщlэр егутъумэ, цIыхуфIщ.
Зызыфlэщl къэпIэтмэ,
пщы зещI.
Зи цIыпIэ хуэфБ бгъуэтынкъым,
Дыкъмыкъыр ебгъафэм,
мэудафэ.
Унафэр Iущмэ, захуагъэр къехь.
Iыхьэ зимыIэр мылажьэрщ.

* * *

Ныбаблэр умыгъэгуашэ,
Уи япэ джалэм ущIэмынакlэ,
Уи кlэ къихуэр ауан умыщI,
Умыщlэ Iуэхум щытхъу
хуумыщI,
Зыхьыумыщlыкlым
утемыпсэлъэхь,
ПщIэ зыхуэпщIыр
къыщхьэпэнщ.
Цыхур Iущмэ, жэрдэм дэщI -
Ахэр гъащIэм и хабзэфIщ.

* * *

Щыуапlэ зимыIэр акъылщ,
Бэлыхь зимыIэр захуагъэщ,
Хуэмыхур хьэрхуэр хэмыхьэщ,
Делэр зыхьыхьэр хэмын,
Унэнщэр лъакъуащхьэ убэщ,
Бынынщэр тхьэусыхалэщ,
Ныбаблэр гуэшыкlэмыщIэщ,
Укъыщащlэм лIэужьщ,
Укъыщамыщlэм щыгъынщ.

* * *

Уэ щlакlуэфI уимыIэу,
Уи Iэр псэми хуэкlэщIым,
ЩIыхуэр куэду птелъым,
Унэм щIэлъ чэтхъамэ,
Хъер зыпылъ щымыIэм,
Уи Iуэм бгъэн темылъмэ,
Уи мэкъумылэр мащIэу
ЩIыIэр къэблагъэмэ,
Уи лэгъунэм жэщкlэ
Щэхуу бжэ щыIуахмэ,
Узыхуей уимыIэу,
Зэ бэIутIэIу ухъуамэ,
ШIэджагъуашхэ папщIэ
Уэ хьэщIапIэ укIуэм,
Уи насып къэкIуапIэм
И бжэр хуищIыжащ.

* * *

Бэлыхь зимыIэр захуагъэщ,
Зы нэщхъеягъи пымылъ.
Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ.
Хуэмыху и Iуэхур хокIуадэ.
Делэм ущытхъум, зэранщ:
Зыкъыфlощlыжьыр лIы Iущу.
Зи Iуэху егутъур сыт щыгъуи
Дыгъэм нэхъапэ къэтэдж.
Хъыджэбзыр жэщым
плъэгъуамэ,
Тегъази, махуэм кlэлъыплъ,
Дохутырым узэкъм хищIыкlым,
Нэхъ кIыхь уи гъащIэр ищIынщ.
Уэ умыщlэ Iуэхур
ЦIыхухэм яхьумылъхьэ.
Ныкъуэделэр ефэм,
Делэ дыдэ хъунщ.

* * *

Уи дзыхь къылъыхъуу
Дзэлыфэ зытIым,
И псалъэ бащэу

КъэкIуэнум и нурым сохъуапсэ

Уэ къыпхуэгуапэм
И гугъэр къащlэ:
Уэ дзыхь хуэпщIыным,
Ар къыщIохъуэпсыр,
Уи псэм и гъуэгум
Ар дыгъуу къокIуэ,
Къыбдэгупшыэу,
Шэч умыгъэщIу
Уи гъащlэ тIэкIур
ЗыIэщIильхьэнщ.

* * *

Уэ къыумыгъанэ
Быным яIэнкъым.
Куэд ухуэзамэ,
Iуэхукlэ уIэзащ.
Къуэ зимылэ адэр
Нысэ лъыхъункъым,
Лыгъэ зимылIэм
ЩIыхьи иIэнкъым.

* * *

БлэкIар умыгъейуэ
Уи махуэм хуэлажьэ,
Уи ужьыр къэпкIуащи,
УздэкIуэр цIыху ар?!
ЖьакIэхур ипIэжкlэ,
ЩIалэгу бгъуэтыжьын?
БлэкIам ущытхъужькlи,
Фейдэ пыпхыжьын?
Псы жэм кынгъэзэжьыркъым -
Iуфэм ущемыжьэ,
Жьыгъэр къэмыблагъэу
ГъащIэр гъэщIэращIэ.
ЩIэхэм уадэмыхъумэ,
ЯщIэр хуэгъэдахэ,
Захуэу ядэплъагъуэ
Щытхъукlэ хуэгъэгушхуэ,
Уэ уи жьы къалэныр
ФIэкIам ущытхъункъым,
Махуэщlэ уубынуми,
Уи акъыл щIыхьэнкъым.

* * *

И гъунэр уи мэшым,
Уи шыр щIыбейм,
Бейм уеубзэм,
Узым уиIыгъым,
Гъэрыр уи быным,
Убынынщэ унэм,
УщIыхуэлы гъащIэм,
УщIакIуэнщэ уэшхым,
Умэкъумылэ мащIэм,
Убжэ хуэщIыгъунщым,
УцIыхунщ лэгъунэм,
Уемынэ Iэгъгъуэм,
Угубгъуэ гъуэмыладжэм,
Судыр къоджэрейм,
Умахуэ Iуэхунщэм,
Ушынэкъэрабгъэм -
Ушынэкъэрабгъэм - махуэщ.



* * *

Гъуэгу бгъэкIэщIыну
Унгу илъмэ,
Лъэр зытеувэм
Гу лъытэ.
Щур зыгъэгувэр
Выгу гъусэщ,
Лъэсыр зыгъакIуэр
Хъыбарщ.

* * *

Бгъэр куэдрэ уэмэ,
И дамэр мэкъутэ.
Дыгъур етамэ,
Судым Iэщlохуэ.

* * *

Фымыуэнум, Iэщэ къэвмыщтэ,
Фыкъэщтэнум, гуп зэхэвмышэ,
Шым фышэсамэ, ивгъэлъ.
Бий хьэдэ бжьыгъэр умыбжу,
Къэнам и бжьыгъэр зэгъащIэ.

* * *

Джатэ къызыхыр мэгушхуэ,
ЛыIфIыр гушхуамэ, аслъэнщ.
Бжьр зыгъэдалъэр къэрабгъэщ.
ЛIыгъэр щагуэшыр зэуапIэщ.

* * *

ГъащIэм и уасэр зыщIэр,
ЦIыху лIыгъэ щIапIэм итар,
ПсэкIэ фIыгъуэм щIэбэну
Зи дуней гъащIэр зыхьар,
ЦIыху насып Iыхьэм хущIэкъуу
Зи къару псори зытар,
Зи лъэпкъыр фIыуэ
зылъагъур -
Ар гугъуехьакIуэм и бынщ.
Абы хуэфащэщ пашэну,
Апхуэдэм фIым ухуишэщ.
Апхуэдэ лIыфIым сыхуэзэм,
Зауэ нэхъ гуащIэм сыкIуэнщ,
Ар мащэм кIэну къэхъуами,
И гъусэу сэри сыкIуэнщ!

Гугъэ

ЦIыхум и гугъэр
ГъащIэм и щIопщщ,
Жэщ кIыфI и мафIэу
Нэгум щоджэгу,
Ди гур дэинуэрэ
ФIыгъуэм дыреджэ.
Ауэ си гугъэр
Гъэрыпlэм итщ,
Гъуазэ имыIэу
МэIур еубыд.
Вагъуэуэ дахэр
Уэгум щолъагъуэ,
Уафэм нэсыфыркъым -
Си Iэр хуэкlэщIщ.
Гугъэ фэрыщIыр
Адэ щIэнищ,
Дунейм ар текIыркъым,
МыкIуэ-дэмыкIуэщ.
Гугъэр мыхъуамэ,
ЦIыхур псэунт?
Абы демыфэми,
ГъащIэр тфIэфIынт?
Адэ щIэину си гугъэ,
Уи щыгъын хьэхум сыдефэщ.
ЩIалафэр степхыу
Гъэр сыпщIщ.

Хъуэпсэн

Хъуэпсэным щIопщу
Дыздегъэущыр,
Зэм дегъэгушхуэ,
Зэм дегъэгуэ,
Гъэгум щынэхуун
ФIыгъуэм дыхуешэ.
Уэгум щонэхур
Вагъуэр, жэщ хъумэ.
АтIэ хъэIэсыт
Абы уэ Iэкlэ.
Арщхьэкlэ цIыхур
Мыхъуапсэу хъуркъым.
Сэри куэд щIауэ
Iэджэм сохъуапсэ,
Ар саугъэту
Адэм къагъанэ.
Мы дуней хьэхум
Си адэр ехами,
Ар зэхъуэпсахэм
Си псэр дахьэхыр.
ЛIыгъэр щагуэшыр зэуапIэщ.

* * *

Щымыlэ хабзэм фемыджэ,
Къывэмыджэ гупым фымыкIуэ,
ЩхьэхуэкIуэ фадэ фемыфэ,
Къэфэрейм Iэгу фыхуемыуэ.

* * *

Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,
И гупкlэм дису дыздешэ,
Гъэгу быркъуэшыркъуэу
дыздэкIуэм
Деудынщlэ мычэму.
А гупхэм дису дыздэкIуэм
Дыкъпыхунущ зэгуэрым,
А щIыгу сызтехуэм и дежьир
Къызахъуэжынущ сэ мащэу.
Абдей щIалъхьэнуи си хьэдэм
Дыркъуэщlэ щIыщхьэм
ищIынщ.
Хъуэпсэгъуэ дапщэ сиIами,

Iэщlыб абдежым щыхъунщ.

* * *

ГъащIэм и уасэр зыщIэр,
ЦIыху лIыгъэ щIапIэм итар,
ПсэкIэ фIыгъуэм щIэбэну
Зи дуней гъащIэр зыхьар,
ЦIыху насып Iыхьэм хущIэкъуу
Зи къару псори зытар,
Зи лъэпкъыр фIыуэ
зылъагъур -
Ар гугъуехьакIуэм и бынщ.
Абы хуэфащэщ пашэну,
Апхуэдэм фIым ухуишэщ.
Апхуэдэ лIыфIым сыхуэзэм,
Зауэ нэхъ гуащIэм сыкIуэнщ,
Ар мащэм кIэну къэхъуами,
И гъусэу сэри сыкIуэнщ!

Матэм бжьэр и бэмэ

Матэм бжьэр и бэмэ,
Фо куэд къыдохъу,
Я пашэр хъупхъэщи,
Бынхэр мэлажьэ.

Хэт бын тхьэмыщкlэр?
Нэхъыжь зимыIэрщ!
Япэ мэжалIэри
Ар зыхэмыс бынырщ.

Пашэр мыIущмэ,
И цIыхур зыкъым,
ЗэгурымыIуэми,
Хьэлу яIэнкъым.

Мылъкур зи мащIэр
Зэрышхырилэщ -
Къэралуэ щытми,
Ар кIуэдыгъуафIэщ.

Гъэ ежьа пшэрыр
Лажьэм ешхыф,
Лэжьэн зи жагъуэм
Лажьэр къылъос.

Жьы хъунытгъэ

БлэкIар умыгъейуэ
Уи махуэм хуэлажьэ,
Уи ныбжьыр блэкIами,
БлэкIакъым насыпыр.
Пхъэ пшынэр псэлъами,
Къэплъэнкъым цIыху хьэдэр,
Апхуэдэщ мы гъащIэр -
Жьым щIэблэ къыщIохъуэ.
Уи жьакIэр хужь хъуами,
Уи жагъуэ умыщIу,
Уи щIэблэм хуэлажьэ,
Хуэлажьэ къэкIуэнум.
ЩIалэщIэм уадэхъуу
Пхуэмыхъуми игъуэдж,
Уахэту фIым хуедж,
Гъэлажьэ, гъэгушхуэ.
Ар фIыщIэщ уи дейкlэ,
ЗэгъащIэ, щIыхьышхуэщ.
Къэблэжьым хуэныкъуэ
Уи къужьжьм дэмысми,
Ди нобэр зищIысым
Акъылыр нэмысми,
ЩIалэщIэм уахэтмэ,
Нэхъ щIалэ ухъунущ.
Псы псынщIэу къежэхыр,
Игъазэу кIуэжьнкъым,
Жьыгъэр къыщIлъысамэ,
ЩIэкlэ гъэщIэращIэ.
Ди гъащIэр кIыхьами,
Ди Iыхьэр доухыр,
ИтIани, къэкIуэнум
И нурым сохъуапсэ.

ПащIэ Бэчмырзэрэ Щоджэнщ1ыкIу Алийрэ.



* * *

Ижьым щыгъуазэрэ
Зекlуэр ицIыхумэ - ар Iущщ,
Пэжыр и гъуазэрэ
Захуэм щIэбэнмэ - ар лIыфIщ.
Нэмыс зыхилъхьэрэ
Iыхьэм емыблэмэ - ар хахуэщ.
Апхуэдэлlхэм
СанылущIатэмэ,
Сэ хьэдрыхэ
СадыщIыхьэнт.
ЩIхьэхуещэ гупхэр
ЩымыIатэмэ,
Дунейр тхъэжьгъуэу
Псэунт.
Захуэр щIахъумэри,
Хьэхур къаIэтыр.
Пэжыр къыупсэлъмэ,
Лъыр къыпщIагъэткIур.
Апхуэдэ гъащIэм
Си хьэ теджагуэ,
Апхуэдэ уджым
Сыхыеремыхьэ.
Уэ, зэманыжьуэ
Шыдыгъу зекlуэкlэ,
ЕмыкIур екIуу зыхьытэ,
Тутыркъушхэр Iейкlэ уогъэтхъу,
Уэ уи хъыринэм ещIэр мэунэхъу.
Хъун лъэпкъ жамыIэурэ
ГъащIэр соухыр,
Си хьэдрыхэри
КъысхуогъэIегъуэр.

Матэм бжьэр и бэмэ

Матэм бжьэр и бэмэ,
Фо куэд къыдохъу,
Я пашэр хъупхъэщи,
Бынхэр мэлажьэ.

Хэт бын тхьэмыщкlэр?
Нэхъыжь зимыIэрщ!
Япэ мэжалIэри
Ар зыхэмыс бынырщ.

Пашэр мыIущмэ,
И цIыхур зыкъым,
ЗэгурымыIуэми,
Хьэлу яIэнкъым.

Мылъкур зи мащIэр
Зэрышхырилэщ -
Къэралуэ щытми,
Ар кIуэдыгъуафIэщ.

Гъэ ежьа пшэрыр
Лажьэм ешхыф,
Лэжьэн зи жагъуэм
Лажьэр къылъос.

Жьы хъунытгъэ

БлэкIар умыгъейуэ
Уи махуэм хуэлажьэ,
Уи ныбжьыр блэкIами,
БлэкIакъым насыпыр.
Пхъэ пшынэр псэлъами,
Къэплъэнкъым цIыху хьэдэр,
Апхуэдэщ мы гъащIэр -
Жьым щIэблэ къыщIохъуэ.
Уи жьакIэр хужь хъуами,
Уи жагъуэ умыщIу,
Уи щIэблэм хуэлажьэ,
Хуэлажьэ къэкIуэнум.
ЩIалэщIэм уадэхъуу
Пхуэмыхъуми игъуэдж,
Уахэту фIым хуедж,
Гъэлажьэ, гъэгушхуэ.
Ар фIыщIэщ уи дейкlэ,
ЗэгъащIэ, щIыхьышхуэщ.
Къэблэжьым хуэныкъуэ
Уи къужьжьм дэмысми,
Ди нобэр зищIысым
Акъылыр нэмысми,
ЩIалэщIэм уахэтмэ,
Нэхъ щIалэ ухъунущ.
Псы псынщIэу къежэхыр,
Игъазэу кIуэжьнкъым,
Жьыгъэр къыщIлъысамэ,
ЩIэкlэ гъэщIэращIэ.
Ди гъащIэр кIыхьами,
Ди Iыхьэр доухыр,
ИтIани, къэкIуэнум
И нурым сохъуапсэ.

ДызыхуэкIуэ мазэм

● Махуэгъэпс

ГЪАТХЭПЭМ и 1-р

■Граждан зыхъуэжьныгъэм и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 2-м

■ 1563 гъэм кьалъхуащ Грозный Иванрэ Идар Гуащэнэрэ (Мариерэ) я кIуэ Василий. Ар илъэсищ иримыкIыщ зэрыпсэуар.

■ 1920 гъэм кьалъхуащ адыгэхэм кьахэнIауэ ялъ дыдэу Совет Союзым и Лыхъужь хъуа усакIуэ **Андырхъуей Хъусен**. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 3-м

■ 1930 гъэм кьалъхуащ усакIуэ **Мысачэ Петр** 1987 гъэм дунеим екIуэкIащ.

■ 1938 гъэм кьалъхуащ иордан адыгэ тхакIуэ, кинорежиссер, продюсер, ЩIДАА-м и академик **Кьандур Мухьэдин**.

■ ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 4-м

■ 1846 гъэм «Кавказ» газетым тридзащ Кьаз-Джэрий и «Зи щIыхьыр ин кьэралэ тетым и деж» письмор.

■ 1918 гъэм Тэрч Щыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

■ 1940 гъэм кьалъхуащ мэкьумэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуэкIуэ Тэлэдин**.

ГЪАТХЭПЭМ и 5-м



■ 1953 гъэм дунеим екIуэкIащ Сталин (Джугашвили) Иосиф.

■ И ныбжьыр ильэс 60 ирокIуэ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт **Бечелов Ильяс**.

ГЪАТХЭПЭМ и 7-м

■ 1919 гъэм кьалъхуащ адыгэ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Жанэ Кьырымызэ**. 1983 гъэм дунеим екIуэкIащ.

■ 1960 гъэм Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь щIэ льапIэр Куба щыщ жэмыш пашэ **Пащты Салимэ** кьыфIащащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 8-м

■ 1923 гъэм «Адыгэ макъ» газетым и ягъэ номерыр кьыдэкIащ.

■ 1936 гъэм Налшык кьыщыгъэIуэхащ Кировым и цIэкIэ щыIэ санаторэр.

■ 1944 гъэм Балкъэр лъэпкъыр щалъхуа щIыналъэм ирашащ.

■ Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и артисткэ **Сибэч Быхуэ** кьыщалъхуа махуэщ. 2001 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ Щыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 9-м

■ 1915 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Щоджэнцыкий Алий и цIэр зезыхьэ колхоз пашэм и тхьэмадэу щыта **Бгъэжьокъуэ Хьэчим**. 2002 гъэм дунеим екIуэкIащ.



■ 1934 гъэм кьалъхуащ Щым и ятIэ космонавт, Совет Союзым и Лыхъужь ужь **Гагарин Юрий**. 1968 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ И ныбжьыр ильэс 50 ирокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Тхъэмокъуэ Мартин**.

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ зиIэ и артисткэ **Къарэжь Людмилэ** кьыщалъхуа махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ и 10-м

■ 1945 гъэм кьызэрагъэпэщащ Щыхубзхэм я Дунейпсо Демократ Федерацэр (МДФЖ).

■ 1929 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ зиIэ и нартыхуэгъкI, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, **Емышэ Хьэлий**.



■ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ артисткэ **Бесчокъуэ Майе** кьыщалъхуа махуэщ.

■Урысей и Архив хэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 11-м

■ 1985 гъэм Горбачев Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретар нэхъыщхьэу хахащ.

■ 1991 гъэм «Ленин гъуэгу» газетыр «Адыгэ псалъэ», «Коммунизмэ жолыр» «Заману» зэрахъуэжащ.

■Наркоконтролым и лэжьакIуэм и махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 12-м

■ 1917 гъэм Урысейм и пащтыхьыр текIащ.

■ Рабочэ, сэлэт депутатхэм я Петроград Советыр кьызэрагъэпэщащ.

■ 1912 гъэм къалъхуащ мэкьумэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIэныгъэхэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и етIуанэ ректор **КIэрэф Къамболэ т**. 1997 гъэм дунеим екIуэжащ

ГЪАТХЭПЭМ и 13-м

■ 1733 гъэм дунеим екIуэжащ франджы литературэм и классик, адыгэ бзылъхугъэ **Шарлоттэ ЖьэIишэт - Аиссе**. Ар щыщIалъхуащ Парнж дэт Щихь Рок клисэм.

■ 1917 гъэм «Известия» газетым и ягъэ номерыр кьыдэкIащ.

■ 1955 гъэм ШынагъэншагъэмкIэ Къэрал Комитетыр (КГБ-р) кьызэрагъэпэщащ.

■ 1900 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуазджэхэмкIэ щыIэх зиIэ я лэжьакIуэ, композитор, Налшык музыкэ училищэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ **Шейблер Трувор**. 1968 гъэм дунеим екIуэжащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 14-м

■ 1853 гъэм кьыдэкIащ Бырсей Умар адыгэбзэкIэ зэхилъхьа «Адыгэ псалъалъэр».

■ 1990 гъэм Горбачев Михаил СССР-м и Президенту хахащ.

■ 1937 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, литературовед, критик, зэдзэкIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид**.

■Адыгэбзэм и махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 15-м

■ 1880 гъэм кьалъхуащ адыгэхэм я цIыхубэ лIыхъужь **Кьэлышы Сультан-Джэрий**. 1945 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ЩIэхуакIуэм и хуитыныгъэхэр хьумэным и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 16-м

■ 1895 гъэм Москва трамвай гъуэгу ухуэн щыщIадзащ.

■ 1918 гъэм кьызэIуахащ Тэрч областым ис лъэпкъхэм я II съездыр.

■ 1936 гъэм Горький автозаводым ятIэ автомобиль псынщIэ «М-1»-р кьыщигъэкIыу щIидзащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 18-м

■ 1918 гъэм кьызэIуахащ Налшык округым щыпсэу лъэпкъхэм я I съездыр.

■ 1930 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щIэныгъэхэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Хъэпсырокъуэ Хьэныр**.

■ 1932 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ тхакIуэ **Щэдкы-Хьэпащэ Хьэмыщ**. 1999 гъэм дунеим екIуэжащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 19-м

■ 1930 гъэм кьалъхуащ композитор, Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и артист **Кьашыргъэ Билал**.

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ зиIэ и артисткэ **Дзыхьмыщ Заро** кьыщалъхуа махуэщ.

ГЪАТХЭПЭМ и 20-м

■ 1910 гъэм кьалъхуащ Щыхь орденым и нагъыщищыр зыхуэгъэфэща **Мусэ Менлы**. 1963 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ 1967 гъэм кьалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсми гъуазджэхэмкIэ щыIэх зиIэ и лэжьакIуэ, композитор **Абдокъуэ Юрий**.

■Сатум, щыхуэхэм Iуэхутхъбзэ яхуэщIэнымрэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 21-м

■ 1918 гъэм Къэбэрдей-мрэ Балъкъэрымрэ Совет власть щагъэуващ.

■ 1910 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ **Махьсидэ Залымхан**. 1937 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ 2004 гъэм франджы балеринэ щIэрыIуэ **Черинэ (Щэмыдзэ) Людмилэ** дунеим екIуэжащ.

■Щым и дунейпсо махуэщ. Гъэрэ ЩIырэ зэхэкIым щIедзэ

■Лъэпкъ зэхэгъэж щыным еБэныным и дунейпсо махуэщ

■Поэзием и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 22-м



■ Ильэс 75-рэ ирокIуэ биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми щэнхабзэмкIэ щыIэх зиIэ я лэжьакIуэ **ФиIэпщэ Борис** кьызэрагъэхуэр. 2010 гъэм дунеим екIуэжащ.

■Псым и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 23-м

■ 1733 гъэм адыгэщ Черкасский Алексей «Андрей Первозванный Щихым» и орденыр кьратащ.



■ 1939 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щыIэх зиIэ и юрист, юстицэм и етIуанэ классым и чэнджэщэгъу (генерал-лейтенант) **Абазэ Руслан**.

■Метеорологием и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 24-м

■ 1898 гъэм урыс еджагъэшхуэ Попов Алексей дунеим щыIэпэу радио кьигупсысащ.

■ И ныбжьыр ильэс 60 ирокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэх зиIэ и артист **Хьыдэздж Борис**.

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэх зиIэ и журналис ткI **Щыдакъ Тать янэ** кьыщалъхуа махуэщ.

■Жьэн узым еБэныным и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 26-м

■ 1959 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ **ЦIыпынэ Асльэн**. 2010 гъэм дунеим екIуэжащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 27-м

■ 1917 гъэм Налшык кьалэ гъэзэщIакIуэ комитетыр кьыщызэрагъэпэщащ.

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхубэ усакIуэ **Балькъэр Фоусэт** кьыщалъхуа махуэщ (1925 гъэ). 2009 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Токъу Зое** кьыщалъхуа махуэщ.

■Театрым и дунейпсо махуэщ

ГЪАТХЭПЭМ и 28-м

■ 1775 гъэм Москва Театр Иныр кьыщызэIуахащ.

■ 1957 гъэм Балкъэр лъэпкым и автономиер зэфIагъэувжащ.

■ Балькъэр лъэпкым и къэщIэрэщIэжьныгъэм и махуэщ

■ 1954 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щэнхабзэмкIэ щыIэх зиIэ я лэжьакIуэ **Къардэн Мухьэмэд**.

ГЪАТХЭПЭМ и 29-м

■ И ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэх зиIэ и артист **Ало Руслан**.

ГЪАТХЭПЭМ и 30-м

■ Ильэс 70 ирокIуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэх зиIэ и артист **Дэгабгуэ Хьэсэн** кьыщалъхуа махуэщ. 2009 гъэм дунеим екIуэжащ.

■ И ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокIуэ Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым щыхь зиIэ я журналист, тхакIуэ, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфыцIэ Мухьэмэд**.

■ И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокIуэ Урысей Федерацэм щыIэ зиIэ и артист **Хъупсырджэн Албэч**.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

● Щымахуэ телъыджэ

Бгым Iэжьэкlэ кьежьхынымкIэ чемпион хьуэми мыпхуэдэуэкъ зэрызагъасэр?!
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элиз** *трихащ.*

● Спорт хъыбархэр

Дэтхэнэми - махуэшхуэ саугъэт

Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Прохладнэ кьалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм ветеранхэм щахматымкIэ я зэхьэзэхуэ щызэхэтащ. Апхуэдэ зэпеуэхэр илъэс къэс йокIуэкI.

ЗЭХЬЭРХУЭРЭГЪУХЭМ я нэхъыжь, Хэку зауэшхуэм хэта, дамыгъэ льапIэ куэд, абы ЩIыхь орденым и II нагъыщэри хэту, зезыхьэ Кочергин Виталий и ныбжьыр илъэс 86-рэ, я нэхъыщIэ Кудухов Сулико илъэс 63-рэ зэхъуэ.

Зэхъэзэхуэ гуащIэм ятIэ увыпIэр щибудащ Мишнёв Михаил. Смолев Валентин вице-чемпионщ. Ещанэ увыпIэр лъысащ Павленкэ Юрий. ТекIуахэм ЩэнхабзэмкIэ унэм и щIыхь тхыльхэр иратащ.

Прохладнэ кьалэ администрацэм щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ и къудамэм кьызэригъэпэща шахмат зэпеуэм хэта дэтхэнэми Хэкум и хъумакIуэм и махуэм хуагъэхьэзыра саугъэтхэр ираташ.

КОЗЛОВ Денис.

Бокс

ЕхъулIэныгъэфI зыIэрагъэхьащ

Ставрополь крайм хыхьэ Суворовское станицэм УФ-м Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм щрагъэкIуэкIащ боксымкIэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ 1995 - 1996 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщIи 180-м щIигъу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цIэкIэ абы хэта ди спортсменхэм ехъулIэныгъэфI дыдэхэр зыIэрагъэхьащ. Ди щIалэхэм дыщэ медалитIрэ дыжьыбнищрэ къахьащ икIи гуп зэпеуэм ятIэ увыпIэр щаубыдащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ щызэуа гуп хэм пашэ щыхъуащ ФочыщIэ Албиян (кг 46-рэ), БжыкIший Мухьэмэд (кг 60), Зэбар Артур (кг 70), КIэрэф Астемыр (кг 81-м щIигъу). ЕтIуанэ хъуахэщ Мокъуэ Алим (кг 60), Лэуэж Альберт (кг 57-рэ), Срыкъуэ Аэмэт (кг 81-м щIигъ).

Ди щIалэхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ республикэм и ныбжьыщIэ командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь КIэрэф Залым, ФочыщIэ Iэдэм, Къудей Таукъан, Шыкъ Мухьэмэд сымэ.

Тхэквондо

Зы дыщэ медаль

«Налшык» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ 1994 - 1996 гъэхэм кьалъхуахэм тхэквондомкIэ я щIыналъэ зэхьэзэхуэ. Абы ирихьэлIащ КИФЩЦ-м хыхьэ щIыналъэхэм икIа командибл, псори зэгъуэгу спортсмен 280-рэ.

КИЛОГРАММ 78-рэ зи хьэлъагъэм я зэпеуэм текIуэныгъэ кьыщихьащ Волощук Владимир. ЕтIуанэ хьуащ Мырзэ Муратрэ Переверзевэ Юлиерэ. Жэрэ медалхэр кьалъысащ Тэтрокъуэ Исльам, Дыкъыныкъэ Мухьэмэдрэ Зауррэ, Жамырзэ Жантемыр, Шегай Иринэ, Черновэ Ольгэ, Березуцкая Кристинэ, Мамедов Родион, Пасюрэ Александр сымэ.

Атлетикэ псынщIэ

Кучинэ Марие нэхъыфIхэм хабжэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменкэ, льагъу дэлъенымкIэ цIэрыIуэ хъуа Кучинэ Марие Урысей чемпионатым ещанэ увыпIэр дигуэщащ Африны щекIуэкIа Олимпиадэм и чемпионкэ Слесаренкэ Еленэ. ТIуми сантиметри 187-рэ льагагъыр кьащтащ.

КУЧИНЭМ и гъэсакIуэ Габрилян Геннадий щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, спортсмен балигъхэм я деж щащэм и зэфIэкI иджы ятIэ щигъэльэгъуауэ ящIащ.

Къыхэдгъэщынщи, Атлетикэ псынщIэмкIэ федерацэхэм, Европей зэгухьэныгъэм къызэритамкIэ, щIышылэм и спортсмен нэхъыфIу кьалъытащ Урысейм и лIыкIуэ, льагъу дэлъенымкIэ зэфIэкI зиIэ Ухов Иванрэ Британием щыщ, дуней псом, Европэм и чемпионкэ Эннис Джессикэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменкэ Кучинэ Марие цIалхуэбзэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщIихьащ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, зи ныбжьыр илъэс 18 хъу, НыбжьыщIэхэм я Олимп Джэгухэм я чемпионкэр Чехием и Тришинец кьалэм щызэхэта зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Марие см 197-рэ льагагъыр кьищтащ икIи абы хэтахэм апхуэдэ льагагъым нэсыфа кьахэкIакъым.

МЭЗКУУ Кьанцобий.

● Зэпеуэ

Сабийхэм я зэфIэкI

Иджыблагъэ Кисловодск къалэм щекIуэкIащ «Эдельвейс» зыфIащэ зэпеуэр. сценэм уэзритыным, абы и щэхухэм тетхуауэ щытар. Абы хэтащ Урысейм гъуазджэхэмкIэ и сабий еджапIэхэм щIэсхэр, нэгъуэщI кьэралхэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм-рэ щIалэгъуалэмрэ.

А ЕПЛЪЫныГЪэ-зэхьэзэхуэм зи зэфIэкI щызыгъэльэгъуахэм ящыщщ Налшык кьалэм дэт, гъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэ №1-м и гъэсэнхэр. Ди гуапэ зэрыхъуащи, абыхэм зэфIэкIыщхъэ зэралэр а зэпеуэм нэIуэ кьыщIащ. Уэрэд жыIэныжьэ I нагъыщэм и дипломыр Паскарь Милан, II - Балаев Ислъам, кьыкIэлъыкIуэр - «Озорниц» къэфакIуэ ансамблым кьохьащ.

СОКЪУР Жамболэт.

● Прохладнэ куей

ЦIыху узыншэм и гупсысэри узыншэщ

Апхуэдэ кьыхуеджэныгъэм щIэту Прохладнэ куейм щекIуэкIащ «Узыншэу фыщыт!» литературэ зэпеуэ. «Прохладненские известия» газетымрэ Маяковскэм и цIэр зезыхьэ библиотекэмрэ и дэлъыкъуэгъуу ар кьызэригъэпэщащ ЩэнхабзэмкIэ куей управленэм.

ЗЭПЕУЭР езыгъэжьауэкIэхэм я мурад нэхъыщхьэхэу щытар унагъуэм нэхъ льапIэ зэрыщымыIэр ящIу, гъащIэр нэхъыфI зэращIынум хущIэкъуу щIэблэр кьэгъэхъыныр, хъэл мыхъумыщIэхэм, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ пэIэщIэ щIыныр.

Зэхьэзэхуэм хэтащ щэнхабзэм и лэжьакIу эхэр, куры еджапIэхэм щIэсхэр, куейм щыпсэуэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ афириным, фадэм кьахь насыпышагъэхэм, тутыныр цIыхум и узыншагъэмкIэ зэрыщIэхьхуэщхьэм, абыхэм уэзэрыпсэщIэтыфыну Iэмадзэм.

Зэхьэзэхуэр зытеуэхуа Iуэхуэр кьызыхэщ прозэ тхыгъэхэм, усэхэм, нэгъуэщIхэми я нэхъыфIкэр кьэпщIыкIуэ гупым хэтхэр хэпльащ, нэхъыфIхэри кьыхахащ. Зэпеуэм щытекIуа тхыгъэхэр «Прохладненские известия» газетым традзэнущ, ахэр зи Iэдакъэщ щэхIэхэм щыхь тхыльхэр иратынущ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириня.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

«Лыгъэм и тхьэмахуэ»

Урысей МВД-м и жэрдэмкIэ «Лыгъэм и тхьэмахуэ» Iуэхугъуэр ильэс кьэс ирагъэкIуэкI. ЩIэблэр хэкупсу кьэгъэтэджыныр зи кущIэ нэхъыщхьэ я лэжьыгъэм Къэрал кIуэцI IуэхугъэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щыщIидзащ. Мидицим и гуэхъэм республикэм и щколхэм я еджакIуэ щыкIуэр и хьэщIащ.

АБы и техникэмэ ар кьызэрызэгъэпэщамрэ, и лэжьакIуэхэр я кьалэным зэрыхуэщIам сабийхэм щыгъуазэ защIащ. «Лыгъэм и тхьэмахуэр» щекIуэкIым сурэт щынымкIэ зэпеуэм къыщыхэжаныIахэм щIыхь тхыльхэр ираташ, «губгъуэ пщэфIапIэм» щагъэхуэзыра щхьыгъуэхэр цIыкIуэм гурыхь ящыхьащ.

ЩIалэгъуалэ зэныкъуэкъу

Прохладнэ куейм хыхьэ Екатеринодрадскэ станицэм мазаем и 12-м щызэхуащ щIыпIэм щыщ щIалэгъуалэмрэ Бахьсэн куейм щыIэ Кышпэк къуажэм икIахэмрэ. ИужьыгъэкI наIуэ зэрыкъуэмкIэ, щIалэгъуалэм яку зэпыкъуэкъу кьыдэхъуауэ щытат мазаем и 5-м. Иджы абы дискотекэм щыпащащ.

ПРОХЛАДНЭ куей ОВД-м и лэжьакIуэхэм а хьэлэбзыкьыр псынщIэу кьызэтрагъэувыIащ, абы хэтахэр ящыбдащ икIи район милицим ящащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэщIхэм, Прохладнэ, Бахьсэн куей, щIыпIэ адміністрацэхэм я Iутащхьэхэм къахьуам теухуауэ хьыбар ирагъэщIащ. Iуэхур зэрызэхагъэкIыр республикэ милицэмрэ Прохладнэ куей адміністрацэмрэ я нэIэм щIэтщ.

Прохладнэ, Бахьсэн куейхэм, Кышпэк кьуажэм я адміністрацэхэм, «Бахьсэн» МОВД-м, Прохладнэ РОВД-м я унафэщIхэм я зэIущIэ мазаем и 13-м Прохладнэ кьалэм щекIуэкIащ. Абы ирихьэлIащ жылагъуэ лIыкIуэхэри. Кьэхъуам тепсэлъыхьа нэужь, Екатеринодрадскэ, Кышпэк кьуажэхэм щыпсэу щIалэгъуалэм яку апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэхэр дяпэкIэ кьыдэмыхьэуным теухуа лэжьыгъэхэр драгъэкIуэкIыну зэгурыIуащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхугъэмкl министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущапl.

И чэзум гу льатэри

Бзаджащ Iэхэм Iуащъхьамахуэ куейм щалэжьыну зыхуащIэкъуа терроист Iуэхугъуэр КъБР-м и хабзэхьэмэ Iнатlэхэм къыхэщыуащ. «Новый поворот» хьэщIэщым деж хабзэхьэмэхэм къыщыкъуэуащ щIэзыхуащIа ВАЗ-2110 автомашинэ дыжьыныфIэр, къэрал номерхэр зытемыльар.

АР КЪЫЩАЩЫМ абы и кIуэцIым тротил килограмм 70 льащагъ зиIэ щIэблэр щыгъуазэ щIидзащ. IэщагъэлIэхэм къызэрагъэльатэмкIэ, ар кьагъэуэну хунэсамэ, куэд хэкIуэдэнут, зэтриикъутэнут.

Следствэ гупыр щIыпIэм щолажьэ, ар зи Iэдакъэщ Iэкlэхэр, нэгъуэщI апхуэдэ щIэпхьаджащIэхэм пыщIаэр кьалъыхьуэ.

КъБР-м и Хабзэхъумэ Iнатlэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапl эхэм я лэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэм щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапl эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытехьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIыжьу жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэкIащ и 16-м
№П-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-р кьыдокI.

«Тетрграфо» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактор Льостэн Музэ, корректорхэу Пхытlыкl Юрэ *(2, 3, 5-нэ пап.)*, Щоджэн Инэ *(1, 4, 6-нэ пап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Цалий Марьят, *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Мэлбахъуэ Анжелэрэ Ныр Саидэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233 ●Заказ №531